

Vaksen kont COVID-19

Chache konnen ki kote ou ka pran vaksen COVID-19 nan Mass General Brigham ak nan kominote a.

Gid Vaksen kont COVID-19 ki Aktyalize

Pran vaksen an se [pi bon fason pou anpeche maladi](#) epi redwi risk pou maladi grav ak entènè lopital. Lè w pran vaksen an, ou pwoteje tou moun ki bò kote w, tankou moun ki gen plis risk pou yo gen konplikasyon pou maladi respiratwa.

- CDC rekòmande pou TOUT MOUN ki gen laj 6 mwa oswa plis pran yon dòz vaksen COVID-19 aktyalize 2024-2025 la.
- Timoun ki gen laj [6 mwa a 4 an](#) ka bezwen plis pase yon dòz vaksen COVID-19 pou yo ajou. [Gade rekòmandasyon espesifik sou sitwèb CDC la.](#)
- Moun ki gen plis pase 65 an oswa [ki gen iminokonpwomi modere oswa grav](#) ta dwe pran yon lòt dòz vaksen COVID-19 ki ajou 6 mwa apre yo fin resevwa premye dòz la.

Nou ankouraje pasyan yo kontakte famasi lokal yo pou pran vaksen an. Yo administre vaksen yo menm jan ak nan klinik nou yo. Famasi lokal yo ka pa kapab administre li pou tibebe ak timoun piti yo. Tanpri kontakte biwo pedyat pitit ou a si w gen pwoblèm.

Pou jwenn yon famasi lokal pou vaksen kont COVID-19, ou ka ale nan [vaccines.gov](#) oswa, rele 1-800-232-0233. Anpil biwo swen prensipal ak espesyalite atravè Mass General Brigham pral ofri vaksen kont COVID-19 nan vizit biwo ki pwograme regilyèman. Pifò nan klinik nou yo pa ofri randevou pou vaksen sèlman.

Èske vaksen aktyalize pou mwen pran kounyeya dwe menm mak mwen te pran anvan, oswa èske mwen ka "melanje ak matche"?

Rekòmandasyon CDC yo pèmèt pou granmoun ki gen 18 an oswa plis resevwa yon diferan vaksen aktyalize de orijinal yo te pran an.

Mwen deja gen COVID-19. Èske mwen ta dwe pran vaksen an?

Wi, ou ta dwe toujou pran vaksen an si ou te gen COVID-19 epi ou refè. Si ou te fèk gen COVID-19, ou ka konsidere retade pwochen dòz vaksen w la 3 mwa depi:

- Lè sentòm ou yo te kòmanse.
- Si ou pa te gen okenn sentòm, premye fwa ou te resevwa yon tès COVID pozitif.

Si ou gen kesyon, konsidere mande doktè ou. [Pou plis enfòmasyon, gade sitwèb CDC a.](#)

Konsènan vaksen COVID-19 FDA otorize pou itilizasyon ijans aktyèlman

Èske vaksen yo san danje epi efikas?

Nou p ap rekòmande okenn vaksen san evidans ke li an sekirite epi efikas. Tout vaksen COVID-19 yo pwouve efikas pou anpeche maladi grav, entènè lopital, ak lanmò akòz COVID-19. Rezilta sa yo te konsistan atravè sèks, laj, ras, ak etnisite. Chak vaksen sibi yon pwosesis revizyon regilasyon strik. Nou toujou veyatif pou nenpòt enkyetman klinik oswa sekirite pou tout vaksen yo. [Pou plis enfòmasyon tanpri gade sit entènèt CDC.](#)

Vaksen Pfizer ak Moderna COVID-19 yo se vaksen ARNm. Kisa sa vle di?

Menmsi vaksen ARNm yo se yon nouvo kalite vaksen, chèchè yo ap etidye ak travay sou yo pandan plizyè ane. Yo pa genyen viris vivan epi yo pa ka lakòz COVID-19. Alaplas, yo bay selil nou yo enstriksyon sou fason pou fè pwoteyin COVID-19 yo jwenn sou kouch deyò coronavirus la. Lè sa a, sistèm iminitè nou an ka fè antikò kont pwoteyin sa yo epi pwoteje nou pou nou pa enfekte ak COVID-19. ARNm ki soti nan vaksen yo pa janm antre nan nwayo selil nou yo oswa antre nan ADN nou an. CDC gen plis [enfòmasyon sou vaksen ARNm](#).

Ki jan vaksen Novavax travay?

Vaksen Novavax la se yon vaksen sou-inite pwoteyin. Vaksen sa yo genyen pwoteyin (ki rele spike protein) viris ki lakòz COVID-19 la. Vaksen an gen yon lòt engredyan ki ede sistèm iminitè a reponn a pwoteyin spike alavni. Lè sistèm iminitè a konnen ki jan pou l reponn a pwoteyin spike la, li ka reponn byen vit ak pwoteyin spike viris reyèl la epi pwoteje moun kont COVID-19. Kalite vaksen sa a te kreye 30 ane de sa e yo te itilize yo pou trete epatit B ak koklich.

[CDC gen plis enfòmasyon sou vaksen sou-inite pwoteyin nan sit entènèt yo >](#)

Alèji

Èske vaksen COVID-19 yo lakòz reyaksyon alèjik?

Gen kèk rapò de moun ki gen reyaksyon alèjik apre yo fin pran vaksen an. Yon ti kantite moun te gen yon reyaksyon alèjik grav ki rele anafilaktik. Akòz sa a, Administrasyon Manje ak Medikaman (FDA) Etazini a ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) rekòmande pou moun ki gen yon istwa anafilaktik ak nenpòt nan engredyan nan yon vaksen COVID-19 pa ta dwe pran vaksen sa a. Moun ki gen lòt alèji manje oswa medikaman yo ka pran vaksen an san danje.

An jeneral, pifò pasyan ki fè alèji ak yon sèl vaksen ka resevwa lòt vaksen yo san danje. Si ou gen yon istwa reyaksyon alèjik grav ak vaksen, tretman enjekte, oswa nenpòt eleman nan vaksen COVID-19 la, ou ta dwe pale ak founisè swen prensipal ou oswa alèjis (si ou genyen youn). Founisè w la ka ede w deside si li an sekirite pou w pran vaksen an.

[Li plis sou efè segondè potansyèl yo >](#)

Èske mwen ka pran vaksen COVID-19 si mwen gen yon alèji manje oswa dwòg?

Ou ka resevwa yon vaksen COVID-19 si ou gen yon alèji manje oswa dwòg. Vaksen Pfizer, Moderna, ak Novavax pou COVID-19 yo pa gen jelatin, ze, oswa latèks.

Ki moun ki ta dwe pale ak yon doktè anvan li pran vaksen an?

Konsiltasyon alèji/iminoloji ka itil pou ou si ou gen pwoblèm sa yo:

- Istwa alèji vaksen anvan ak reyaksyon tankou demanjezon, gratèl, itikè, anfleman/anjyo-edema, souf anlè, souf kout, sere nan pwatrin, oswa anafilaktik
- Istwa alèji ak polyethylene glycol (PEG) oswa polisòrbat, ak reyaksyon tankou demanjezon, gratèl, itikè, anfleman/anjyo-edema, souf anlè, souf kout, sere nan pwatrin oswa anafilaktik
- Yon reyaksyon a yon dòz vaksen COVID-19

Gwosès, bay tete, ak fètilite

CDC a, pedyat nou yo ak OBGYN nou yo rekòmande pou moun ki ansent, ki planifye pou yo vin ansent, oswa ki bay tete pran vaksen pou COVID-19. [Tanpri gade rekòmandasyon konplè yo isit la.](#)

Timoun yo

CDC rekòmande pou timoun ki gen laj 6 mwa oswa plis resevwa vaksen COVID-19 ki ajou. Vaksen Pfizer ak Moderna yo apwouve epi rekòmande pou pasyan nan gwoup laj sa a.

[Tanpri gade tout detay sou sit entènèt CDC a.](#) Si w gen kesyon sou vaksen pitit ou a, tanpri kontakte biwo pedyat ou a.

Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

- [Avantaj lè w pran vaksen kont COVID-19](#)
- [Vaksen COVID-19 nan Massachusetts](#)
- [Vaksen COVID-19 nan New Hampshire](#)
- [Administrasyon Manje ak Medikaman: Vaksen Pfizer-BioNTech pou COVID-19](#)
- [Administrasyon Manje ak Medikaman: Vaksen Moderna pou COVID-19](#)
- [Vaksinasyon Novavax COVID-19](#)
- [Konprann vaksen ARNm pou COVID-19](#)
- [Tès COVID-19 | Mass General Brigham](#)

Mizajou 20 desanm 2024